

## Konsantman pou patisipe nan yon etid rechèch

FLORIDA STATE  
Inivèsite

Chè paran oubyen gadyen,

Syantifik nan Florida State University (FSU) ap etidye fason pwofesè yo ede timoun ki nan primè yo aprann matematik, e lekòl ou a ap patisipe nan etid sa a. Objektif fòm konsantman paran sa a se pou mete w okouran etid sa a ap fèt epi mande pèmasyon ou pou pitit ou a patisipe nan etid la.

Si ou dakò, pitit ou ap pran yon tès matematik nan kòmansman ak nan fen ane lekòl la. Pwofesè pitit ou a pral administre tès la, epi lekòl la ap fè tès yo disponib pou chèchè FSU yo dekwa pou yo evalye pwogram nan. Dayè, yo ka chwazi pitit ou a pou patisipe nan yon entèvyou 30 minit kote y ap rezoud pwoblèm matematik, se chèchè FSU ki fè l. Anplis de sa, distri lekòl la pral bay enfòmasyon sa yo sou pitit ou a: non, nimewo idantifikasyon distri/eta, sèks, ras/etnisite, si wi ou non li patisipe nan manje midi gratis, si yo rekonèt se yon elèv se aprann l ap aprann angle a, ak si l nan kad edikasyon elèv eksepsyonèl (ESE). Epitou, distri a ap bay rezilta evalyasyon matematik se distri a ki administre l pou klas K-6, sa gen ladan l iReady Diagnostic ak Florida Standards Assessment (FSA), kote sa aplikab.

Tout enfòmasyon yo jwenn nan etid sa a yo pral rete konfidansyèl, jis nan pwen lalwa pèmèt sa. Men ki jan y ap kenbe konfidansyalite: Nan rapò piblik yo fè sou rezilta pwojè sa a, rezilta n ap rapòte yo se sèlman mwayenn rezilta pou anpil timoun met ansanm. Yo pap janm idantifye yon timoun oswa yon fanmi aklè. Y ap sere tout tès ak rezilta sennesof nan biwo pwojè yo nan Florida State University.

Patisipasyon pitit ou a nan pwojè sa a se totalman volontè. Si ou pa vle kite pitit ou a patisipe, pitit ou a ka toujou fè evalyasyon yo anba direksyon direktè lekòl la, men yo pap pataje rezilta yo ak chèchè yo.

Si nan nenpòt moman ou gen kesyon sou etid la, ou met kontakte Dr. Robert Schoen nan Learning Systems Institute, Florida State University nan (850-645-9926) oswa [rschoen@lsi.fsu.edu](mailto:rschoen@lsi.fsu.edu).

Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan etid la e yo ta renmen pale ak yon moun ki pa youn nan chèchè (yo), nou ankouraje w pou ou kontakte IRB FSU a nan nimewo telefòn 850-644-7900. Ou ka kontakte biwo sa a tou nan imèl [humansubjects@fsu.edu](mailto:humansubjects@fsu.edu), oswa pa lèt oswa an pèsòn nan 2010 Levy Street, bilding rechèch B, Suite 276, FSU Human Subjects Committee, Tallahassee, FL 32306-2742.

Nou espere w ap pèmèt nou mete done pitit ou a nan etid la. Etid sa a ka ede lekòl yo pi byen konprann ki jan pou yo anseye matematik yon fason timoun ka konprann.

Si ou pa vle pitit ou a patisipe nan etid sa a, tanpri kontakte Doktè Robert Schoen nan Learning Systems Institute, Florida State University nan (850-645-9926) oswa [K-5math@lsi.fsu.edu](mailto:K-5math@lsi.fsu.edu)

Sènsèman,

Robert C. Schoen, Ph.D.

Direktè Asosye, Sant Florid pou Rechèch nan Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik (FCR-STEM) nan Florida State University